

# CONNECTICUT COMMON CORE STANDARDS (CCSS)

## Estanda Fondamantal Komen pou Konnektikit

### ENTWODIKSYON POU FANMI ELÈV



#### Kisa "Estanda" yo ye...?

- Estanda yo montre kisa elèv yo dwe "konnen ak kapab fè" dapre klas yo ye a.
- CCSS gen anpil bagay ki menm jan avèk estanda edikasyon Konnektikit te deja genyen yo.
- Depi jiyè 2010, Konnektikit ak 45 lòt Eta, adopte yon seri estanda komen ki fèt yon jan pou pare elèv nou yo pou inivèsite ak pou karyè yo.

#### Pou kisa CT adopte Estanda yo?

- CCSS alien sou nivo rannman yo mande pou inivèsite ak pou travay nan 21yèm syèk la.
- CCSS pran kòm modèl metòd edikasyon ki sèvi nan peyi ki jwenn pi bon rannman yo.

#### Kouman novo estanda yo pral ede timoun nou yo?

- Estanda yo pral pare timoun nou yo pou yo rive bay bon rannman nan yon ekonomi/sosyete ki global.
- Estanda yo pral pare timoun nou yo pou sèvi ak konnesans yo, ak pou rezoud pwoblèm aktivman.
- Estanda yo pral konsantre tout tan sou kenbe timoun nou yo nan yon nivo konpetans ki wo, nan matematik, lektik, ekriti, pran lapawòl, ak tande nan plizyè matyè.

#### Lide fondamantal Estanda yo nan Konpetans nan Lang Angle, Literati, ak Matematik

Konpetans nan Lang Angle	Etid nan Syans Sosyal, Syans, ak Matyè Teknik	Matematik
<b>LEKTI K - 12:</b> <ul style="list-style-type: none"><li>Aprann konnesans fondamantal nan lekti, pou rive byen konprann dokiman ki ekri nan plizyè matyè.</li><li>Li dokiman ki pi konplèks, an mezi elèv la ap monte nan klas ki pi wo.</li><li>Li yon kantite rezonnab dokiman fiksyon ak dokiman ki pa fiksyon.</li><li>Lekti atantif pou jwenn repons pou kesyon.</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>Li, ekri, pale, ak tande nan yon nivo ki wo, nan plizyè matyè.</li><li>Aprann konnen anpil sijè anjeneral, avèk lekti atantif sou plizyè kesyon ak sou plizyè matyè.</li><li>Nan 21yèm syèk la, etidyan inivèsite, moun ki gen karyè, ak sitwayen anjeneral genyen pou yo kapab konprann dokiman ak fè travay ki konplèks.</li></ul>	<b>Jadandanfan - Klas 8yèm</b> <ul style="list-style-type: none"><li>Tabli yon fondasyon solid nan nonm antye, adisyon, soustraksyon, miltiplikasyon, divizyon, ak fraksyon.</li><li>Rive konprann rasin yon kesyon, sa ki vle di plis pase konpetans pou pwosedi sèlman.</li><li>Rive alèz (vitès ak fasilité) nan kalkil, mezi, ak rezonnman sou rapò ak pwopòsyon.</li></ul>
<b>EKRITI K - 12:</b> <ul style="list-style-type: none"><li>Diskisyon - pran pozisyon sou yon kesyon avèk kòm baz, enfòmasyon ki soti nan sa elèv la li.</li><li>Esplikasyon - esplike yon sijè avèk kòm baz, enfòmasyon ki soti nan sa elèv la li.</li><li>Narasyon - rakonte yon istwa avèk akseswa literè.</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>*Matyè teknik yo, se matyè ki mande yon nivo ki wo nan konnesans pwosedi ("kouman pou"), tankou Matyè Atistik, Edikasyon Fizik, Sante, sijè sou Karyè ak Edikasyon Teknik, Teknoloji Enfòmasyon ak Kominikasyon, epi Lang nan Tout Peyi.</li></ul>	<b>Klas 9yèm - 12yèm</b> <ul style="list-style-type: none"><li>Konsantrasyon sou sèvi avèk matematik ak estatistik pou analize pwoblèm, pou konprann yo pi byen, ak pou amelyore desizyon yo.</li><li>Sèvi avèk matematik pou gade sikostans novo ak plizyè solisyon, menm jan etidyan inivèsite ak anplwaye abitye fè nan travay yo.</li></ul>
<b>PRAN LAPAWÒL AK TANDE NAN K - 12, EPI KONPETANS NAN LANG K - 12:</b> <ul style="list-style-type: none"><li>Rechèch pou ranmase enfòmasyon ak pou prezante enfòmasyon ba lòt moun</li><li>Vokabilè akademik</li><li>Opòtinite pou pale, pou poze kesyon, ak pou patisipe nan diskisyon</li></ul>	<b>Egzanz yon Estandan nan klas 11 - 12 pou Lekti nan Syans ak nan Matyè Teknik:</b> <ul style="list-style-type: none"><li>Entegre ak evalye plizyè sous enfòmasyon ki prezante nan diferan fòma oubyen diferan medya (tankou tablo enfòmasyon, videoyo, oswa atik) pou abòde yon kesyon oswa rezoud yon pwoblèm.</li></ul>	<b>Estanda K - 12 ou Egzèsis Matematik (Metòd ak abitid elèv ki bon nan matematik)</b> <b>Egzanz:</b> <ul style="list-style-type: none"><li>Byen konprann pwoblèm epi kontinye travay sou yo jouktan elèv la jwenn solisyon an.</li><li>Chèche fè rezonnman, epi prezante rezonnman regilyèman.</li></ul>

Pou plis enfòmasyon sou CCSS, gade nan sit entènèt National PTA a, kote gen dokiman nan lang angle ak kreyòl. [www.pta.org](http://www.pta.org) Gade nan "Parent Guide for Student Success" [Gid pou Paran pou Ede Elèv Travay Byen]